

# Rubhapatidzo RwaShe Wedu



“Ndiwe Mwanakomana wangu, wandinoda,  
wandinofarira kwazvo.” Mako 1:11

## **Mateo 3:1-6,13-17 - Rubhapatidzo RwaShe Wedu**

3 Mumazuva iwayo Johani Mubhabhatidzi akauya achiparidza murenje reJudhea, 2 achiti, “Tendeukai, nokuti umambo hwokudenga hwava pedyo.” 3 Uyu ndiyе akataurwa kubudikidza nomuprofita Isaya zvichinzi: “Inzwi rounodanidzira murenje richiti, ‘Gadzirai nzira yaShe, ruramisai migwagwa yake.’”

4 Nguo dzaJohani dzakanga dzakagadzirwa nemvere dzengamera uye akanga akasunga bhanhire redehwe muchiuno chake. Zvokudya zvake zvaiva mhashu nouchi. 5 Vanhu vakabuda vakaenda kwaari vachibva muJerusarema nomuJudhea yose nomudunhu rose reJorodhani. 6 Vachireurura zvivi zvavo vakabhabhatidzwa naye murwizi rweJorodhani.

13 Ipapo Jesu akabva kuGarirea akauya kuJorodhani kuti azobhabhatidzwa naJohani. 14 Asi Johani akaedza kumudzivisa achiti, “Ini ndini ndinotofanira kubhabhatidzwa nemi, imi mouya sei kwandiri?”

15 Jesu akati, “Ngazvive saizvozvo iye zvino; zvakafanirwa kuti tiite izvi kuti tizadzise kururama kwose.” Ipapo Johani akabvuma hake. 16 Jesu angobhabhatidzwa, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. 17 Inzwi rakabva kudenga richiti, “Uyu ndiyе Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.”